Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 9 май Хамиз №23 (7837) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## КIудияб Бергьенлъиялъ - 79 сон




**Хириял районцоял!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда КIудияб Бергьенлъиялъ 79 сон тIубай. Дунялалъул цебетIураб инсаниялъ рекIелъ чIухIигун, рохелгун пашманлъи жубараб асаргун дандчIвай гьабула щибаб соналъ гьеб байрамалде.

Нилъер ракIазулъ хвел гьечIел бахIарчиял ишалги цIунулаго, лъагIалидаса лъагIалиде рикIкIалъулеб буго нилъедаса 1945 соналъул Бергьенлъиялъул май. 1418 сордо-къоялъ халатбахъараб рагъда нилъер халкъалъ бихьизабуна цолъи, гьудуллъи ва ВатIаналде бугеб рокьи. КIудияб пашманлъигун ракIалде щвезарула нилъеца рагъда хваралги, араб бакI лъачIого тIагIаралги, рокъоре тIад руссун хадур абадияб рокъоре аралги.

Жакъа нус-нус нилъер бахIарчиял васаз цIунулеб буго умумуз нилъее тараб тарих. Черхалда барахшичIого рагъулел руго гьел жакъа хасаб рагъулаб операциялда.

Байрам баркулаго, бокьун буго нужее гьаризе щулияб сахлъи, рохел, талихI, халатаб гIумру ва ракълилаб зоб!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

# БахIарзазул хIурматалда автопробегал тIоритIана

Анлъабилеб маялда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалде щвеялъе Агъвалиса Эчеда автомобилал риччай.



Эчеда росдал рагIалда автопробегалъул гIахьалчагIазда дандчIвай гьабуна нухлул кIиябго рагIалккун батIи-батIиял кьеразул берцинал понцIерабиги байрахьалги кодор ккурал росдал школалъул учительзабазги, цIалдохъабазги ва чода рекIаразги.

Гьенисан киналго щвана берцинго къачIараб Къади Абакаровасул цIаралда бугеб росдал майданалде. Совет Союзалъул БахIарчи кIодо гьавураб дандельи рагьана райадминистрациялъул культураялъулгун туризмалъул ва спорталъулгун гIолилазул ишазул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовас.

ТIаде щолеб байрамги баркун, росдал ва районалъул гIолилазе мисаллъун чIарав Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул хIакъалъулъ бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас, районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас, Эчеда росдал школалъул директор МухIамадкамил ЖахIпаровас.

Школалъул цIалдохъабаз рикIкIана ва цIалана Къади Абакаровасде гьарурал кучIдул, божилъи гьабуна росуцояв бахIарчи жидее кидаго мисаллъун вукIине вугилан.

Къади Абакаровасул цIар борхатгоги ккун гьесул къимат гьабун автопробег гIуцIарал районалъул администрациялъе ва учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулезе баркала загьир гьабуна Эчеда росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIисаевас.

Рохалилаб тадбир ракIалде щвеялъе рахьана суратали.

* * *

«Афгъаналъул лъугьа-бахьиназул гIахьалчагIазулгун инвалидазул ва гьезул хваразул хьизамазул Координациялъулаб совет» абураб Дагъистаналъул республикаялъулаб жамгIияб гIуцIиялъ КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса




79 сон тIубаялъул хIурматалда 7 маялда Агъвалиса Каспийскиялде щвезегIан тIобитIана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул рахъккевеялъе автопробег.



Патриотикияб тадбиралда гIахьаллъана учреждениябазулгун организациябазул вакилзаби ва Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби.

Байрамалъулаб тадбиралъе старт лъуна Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул памятникалда цере тIугьдул ва тIугьдузул горал лъеялдалъун.

Тадбиралъул гIахьалчагIазда тIаде щолеб байрам баркун кIалъайги гьабун, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас автопробегалъул гIахьалчагIи нухде регIана.

Гьелдаса хадуб Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби ана 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахьиназда къурбанлъарал жанисел ишазул хIалтIухъабазе КIочIали бараб обелискалда цере тIугьдузул горал лъезе.

Жакъасеб къоялъул багьадурзаби

# КIудиял ракIазул гьитIинал бахIарзал

Апрелалъул ахиралда райцентралда, гIодоркъоял рукIаниги, кIудияб рагъа-рачари букIана. БукIинарищха, дунялалдаго цIар рагIарал, жалго гьитIинал, гьунар кIудиял багьадурзаби Ислам Халиловасда ва Артем Донскоясда дандчIвай гьабизе рачIун рукIиндал Агъвали школалъул гьабизе рес щвеялъухъ жидер аслияв гьоболАшахание ва тIолго цIумадисезе, спорталъул министр Сажид Сажидовасе, лъайкьеялъул министр ЯхIя Бучаевасе, хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасе ва цогидалги пачалихъиял хIалтIухъабазе.



цIалдохъабигун мугIалимзаби, лъайкьеялъул управлениялъул ва райадминистрациялъул аппаратальул хIалтIухъаби.

Гьеб рагъа-рачариялъул «гIайибияв» вукIана гьезул гIелбащадав нилъер ракьцояв спортсмен, меценат, имам Шамилил хIакъалъулъ бахъулеб киноялда гьесул лъимерлъиялъул роль хIалев Ашахан Хъазанатов.

Тарихалде араб, Москваялда «Крокус Сити Холл» дармил централда ккараб теракт кидалха кIочонеб?! РакI гъанцIизабулел чIвай-хъвеялгун кьвагьа-гIанхьиял, бидул хIоринир лъукъаралгун чIварал… Гьеб ахIи-хIуралда гьорлъ централдагун концерталъулаб залалда рукIаразе бажаралеб кумек-квербакъи гьабулел, жидерго гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб букIиналъухъ балагьичIого, гьоркьлъалие росарал къватIире рорчIизарулел гIисинал бахIарзал, жеги цоцада лъаларел Исламгун Артем.

Гьезда дандчIвазе районалъул гIорхъоде рачIарал районцоязде тIаде щвана гIолохъанав мугIалим Дибиров Мурадги. Гьев ккола республикаялъул «Бищун лъикIав мугIалим-2024» къецалъул призер. Районалъул тарихалда жаниб гьединаб цIаралъе мустахIикълъарав тIоцевесев мугIалим ккола Мурад. Гьел кинаlго гурищ жакъасеб къоялъул бахIарзал? Гьениб кидаго гIадин, Агъвали гимназиялъул байбихьул классазул цIалдохъабаз гьалбадерие рикIкIана гьезие сайгъат гьарурал кучIдул.

«ЦIумадисел терроризмалде данде» абураб ахIиялда гьоркь гьалбадерилгун тадбир тIобитIана райадминистрациялъул данделъабазул залалда. Тадбир бачана «ТIоцересезул багъа-бачари» идараялъул нухмалъулей ТIавус ЯхIяевалъ.

Саламалъулаб кIалъаялдалъун гьеб рагьана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас.

Хадубккун баркалаялъулал кIалъаял гьаруна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ, Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Роберт Кочиевасул кумекчIужу Жанна Мусаевалъ, ЦIияб Сулахъ росдал администрациялъул бетIер Шамил Хачаевас, районалъул имамзабазул председатель Абубакар Абакаровас, жамгIияв хIаракатчи АхIмад ГIамирхановас, Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас, райадминистарциялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул методист Шамил Бадрудиновас ва цогидазги.

Дандежавабалъулал кIалъаял гьаруна гIисинал бахIарзаз ва гьезул умумуз. Гьез баркала загьир гьабуна цIумазулилан цIар тараб нилъер ракьалде ва Дагъистаналде вацлъиялъулаб сапар

Данделъиялъул ахиралда гьеб къоялъул аслияв бахIарзазе тIолго цIумадисезул рахьалдаса МухIамадхан Хъазанатовас сайгъат гьаруна цIарулал сагIтал, «КороХом» компаниялъул рахьалдаса сайгъатал, районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул рахьалдаса Баркалаялъул кагътал. Гьединго районалъул имамас (гьевго ккола «РахIма» рахIмуялъулаб фондалъул председатель) сайгъат гьаруна хирияв Къуръанал ва Артемие кьуна Дагъистаналъул тарихалъул бицараб тIехь. Жиндирго сахаватаб квер бегьана фондалдеги Ашаханица. Садакъа бальгояб лъикIаб букIунин бицен букIаниги, абичIого гIоларо, гьаб нухалъги гьес гIарцулаб рахьалъ лъикIаб кумек гьабунин фондалъеян. Аллагьас садакъа азариде бахинабун къабул гьабеги.

Хадубккун суратал рахьизе бокьаразул чиТIир халатаб букIана гIисинал бахIарзалгун.

Гьел рахьун лъугIиндал, лъикIаб гьоболльи гьабуна гьалбадерие къадекванил рахьалъ. Хадур ана 1999 соналъул балагьаб августалъул тункахIусиял ккараб «Дача» блокпосталдеги ва районалъги цогидалги тIабигIияв берцинлъабазухъ балагьизе, гьел рихьизе гьаруна рахъ-рахъазде экскурсиял.

Гьалбал рази хутIана жидее гьабураб гьобольи-гьудуллъиялъухъ ва хадурккунги цIевзе нигаталда сапар бухьана тахшагьаралдехун.

**PS.** Гьаб рохалилаб тадбир районалдаги республикаялдаги букIинароанин ккола, сундасанго цебе имангун яхI, сахаватлъи, гIаданлъи ккезабулев ракьцояв Ашахан вукIинчIебани. Гьес инсулгун дандги бан, хIукму гьабула Исламгун Артем гьоболлъухъе ахIизе, гIагараб районалъулгун лъай-къвай гьабизе рачине. Жидерго ккараб пикру МухIамадханицаги дандбала республикаялъул спорталъул министр, ракьцояв Сажид Сажидовасда ва гьедин хIукму ккола гьесулги, ЯхIя Бучаевасулги ва цогидалги хIакимзабазул гьалбал дандчIвазе, гьезулгун данделъаби тIоритIизе.

ХIасил нилъеда рагIана, бихьана республикаялъул телевидениялдасанги, социалиял гьиназдасанги ва цIалана газетазда.

Хасаб баркала гьалбадерие сайгъатал гьарурал меценатал КъорамухIамад ГучучгIалиевасегун МухIамад ГIабдулаевасе.

Биччанте гIун бачIунеб гIел кьвагьа-гIанхьиялъул къурбаназе кумекалъе рахьун гурел, ракълилал ишаздалъун бахIарзаллъун рахьине.

ЦIунаги БетIергьанас нилъ кидаго квешав чиясул хIилла-макруялдаса, бихьугеги рагъ-кьал. БукIа абе кидаго рагълилаб зоб, гванчъе абе бакъ.

Лъим-дунялалъул меседил бечелъи

# «БацIцIадаб лъим»

Щибаб соналъ 22 марталда кIодо гьабула ТIолгодунялалъул лъел сурсатазул къо. Гьеб къоялъ тIоритIана лъел сурсатал цIуниялда ва гьелдаса пайда босиялда хурхарал тадбирал. ГIалимзабаз чIезабун буго дунялалда лъел нахъраталалъул 97,5% кколин цIамхIалаб ралъдазул ва океаназул лъел хут1араб 2,5% кколин бацIцIадаб, цIам гьорлъ гьечIеб лъел.

Инсанасе ва тIолго рухIчIагольиялъе лъел кIваралъул хIисаб гьабидал, гьел тарихаз нугIльи гьабулеб буго дунялалда бищун кьимат цIикIкIараб хазина лъим ккоелблъиялъе.

Узухъда, лъим буго гIумруялъе чара гьечIеб нигIмат, гьединлъидал бичIчIула цо къоялъги бицун, бещцун лъим тIубалареблъи. Лъималъул бицине ккола бижанщинаб къоялъ, лъим бацIцIад чIезабиялда сверухъ гьаризе ккола хIалтIаби, хасго нилъеца. Ахираб заманалда кколел ругел экологиялгун тIабигIиял хиса-басиязги, сверухъ бугебщинаб чороклъиялъги «SOS» ахIизе ккараб кIал буго гIоразулгун лъаразул. ГIемер далил- хIужа буго лъим меседалдасаги багьаяб ва хирияб нигIматлъун рикIкIине. Жакъа гIемер улкаби руго гьекъезе ярагьунеб лъим дагьал, гьеб гIунгутIиялъул гIузраби цIикIкIарал. Цадахъаб хIалтIиялъ гурони нилъер хIалтIуе лъикIал хIасилал кьоларо, гьединлъидал хIаракат бахъизе ккела «хъахIилаб месед» (цо-цо бакIазда лъималда гьедин абула) цIуниялда тIад ургъизе ва хIалтIизе.



ЦебечIезабе цохIо Африка, кинаб ракъдаллъиялда гьеб бугебали. Ахирал соназ тIабигIияб хиса-баси ккеялъ, бакI-бакIазда къунел руго нилъехъги иццал ва гIисинлъарал, гьитIинлъулел руго лъарал-гIорал.

Лъим бацIцIадго цIуниялда сверухъ волонтераз жалго лъикIал лъугьун тIоритIула субботникал, гIорал-лъарал ва ралъдал рагIаллъаби рацIцIад гьаруларишни-къулалдаса. Гьеб ккола ральдалъ лъел къатIра гIадинаб гьитIинаб жиб бугониги, багьа-гьунар кIудияб иш. Тоннаби рошнол ракIари бигьаяб иш кколаро. КигIан бицаниги, малъаниги, кколеб ва кьолеб бугеб квешаб хIасил бихьаниги, кантIуларел нилъер такъсир ккола сверухълъи ва, гьелдаго цадахъ, лъим хьублъизе тей. БацIцIалъи букIуна лъухьулеб рокъоб гуреб, хьублъи гьабичIого, рацIцIалъи цIунулеб рокъобилан аби буго гIакъилал умумузул. ХIадисги буго рацIцIалъи иманалъул бащалъи ккол илан. Кинабго лъалеб букIаниги, кколеб бугоха нилъехьанги гьалатI…, амма гьалатIал ритIизаризеги, хадубккун гьел такрар гьаричIого рукIинеги гIакълуги кьун бугелъул БетIергьанас, нилъецаги хIаракат бахьиларищха, цогидазда мисалги босун, тIабигIат цIунизе.

Кидаго гIадин, гьединаб цеберагIиялдалъун байбихьана ирга-дулаб нухалъги «Лъималъул къо» абураб ТIолгороссиялъул тадбиралда хурхинабураб «БацIцIадаб лъим» абураб субботник Айгъанат МухIамадовалъул нухмалъиялда гьоркь Инхокьвари росдал гьоркьохъеб школалда. «ЦIуне лъим», «Лъим-халкъалъул бечелъи» абурал плакаталги кодор ккун, мугIалималъул кIалъаялдаса хадуб лъим ва тIабигIат цIуниялда хурхарал кучIдулги цIалун, лъималаз субботникалде байбихьана. ЦIалдохъабаз школалъул азбар-къоноялдаса бахъараб Инхокьварисезул лъарахъе цвезегIан манзилалъ бацIцIана ришни-къулалдаса росдал къватI ва шагьранух. Хадур тIаделъана лъарал кIиябго рагIал бацIцIине, даруяб регьадул иццги жанибе бачун.

ЛъикIаб хIалтIи гьабуна цIалдохъабазги мугIалимзабазги. БакI-бакIазда гьунал гьарун, бухIана ришни-къул, берцинаб нур чIвана лъарал рагIаллъабазда. ЦIалдохъабаз бакI-бакIазда чIвана тIабигIат цIунизе ва рацIцIалъи чIезабизе ахIарал игIланал. Субботник ана киналго разияб хIалалъ.

Гьелъул аслияб масъала букIана ракьалда тIад лъималъул цохIо гIадамазе гуребги, дунялалъего бугеб кIваралъул щивасда бичIчIи.

Гьумер хIадур гьабуна Хадижат Залихановалъ

## МагIарул росабалъ руго гIадамал

# Гьигьалъа ополченец



Хвалил бадиве мун, хIинкъи гьечIого,
КъвакIун балагьана бахIарчияб ракI.
ЦIохIо росу гуро -тIолго Дагъистан,
Россия цIунизе кьурулъун чIана.

ГIадатияв инсан, росдал бегавул,
ГIумарасхIаб, дуца бихьизабуна
Кин цIунизе кколеб хирияб ВатIан,
Ракълилав чиясул къадругун намус.

ЦIумада, ЦIумада, хирияб ВатIан,
ЦIумазул тIавапалъ берцин гьабураб.
РекIей хIалхьи кьолел рорхатал мугIрул
«Гьаб -дир Дагъистанин!» боржуна гьаракь.

МугIрул борхалъуда чIухIараб росу,
Гьигьалъин цIар бугеб баракатаб ракь.
ГIумарасхIаб, дуе бищун хирияб,
РакI гIодоб биччалеб гIагараб свери.

МагIарул росабалъ руго гIадамал -
ГIадатиял чагIи, чIухIи лъаларел,
ТIадегIанасулгун бухьен щулиял,
Месед-гIарацалъухъ намус бичичIел.

Как ахIулеб рагIун, ракIал рагьулел,
Рокьоб хазиналъун КъурIан рикIкIунел,
Хвезе рукIин даим кIочон толарел,
Садакъа кьедал, ракI гIатIилъулел.

Гьигьалъ тIогьир ругел тIадмагIарулал,
ЦIар арал гIалимал гIемер рахьарал,
Имам Шамилида хьолбохъ эхетун,
Тарихалде арал дур наибзаби.

КIудияв гIалимчи РотIол МухIамад,
Дур мавлид -хазина гьал наслабазе.
Гьеб жеги цIалула Дагъистаналъул
ГIелму хиралъарав щивав гIалимас.

Шайхулисламил баракаталъин
Гьаб росу жакъаги цIунулеб бугеб.
ХIажардибир, кьучIав диналъул хIуби
Росу батиларо дур цIар рагIичIеб.

ГIабдулагьдибирги Шамхалдибирги -
Чанги цIарал руго цIунун гIадамаз.
ГIалимзаби гIураб росу цIунулел,
ЦIа гIадал васалги рахьана гьенир.

КIикього соналъ имамлъи гьабун,
Росабалъе щолев ГIисадибирги-
ГIумарасхIабил кIудияв эмен -
ТIолго районалда ракIалда вуго.

Чорокаб чакмаялъ кавуги рагьун,
ВатIаналде тушман вачIараб мехалъ,
ГIазимухIамад, ГIабдулагь васгун -
ГIисадибирил наслу кьалде бахъана.

Инсул вац ГIабдула, вас ГIисадибир
Свана гьезул чирахъ чияр ракьалда.
КIудияб рагъдаса руссинчIо нахъе,
ВатIаналъе гIоло гIумру кьуна гьез.

Лъукъ-лъукъун вуссана, ГIумарасхIаб,
Рагъдаса дур эмен ГьазимухIамад;
Вуссана, бохги кьалда тун,
БахIарчилъиялъухъ медальги босун.

ГIатIиракьалдасан, Бузнаса нухккун,
Лъелго унев вуго лъукъарав солдат.
Рагьда цо бох тарав, тIилиде къулун,
МагIарул росулъе вуго вачIунев.

РитIухълъи, эркенлъи, ВатIан цIунарав
Инсуе дуца къулула бетIер.
Рагъдаса вуссарав лъукъарав солдат,
Свине гьечIеб гьунар гьабурав эмен.

БахIарчияв солдат, дуда релълъарал
Лъугьине бокьилин диргоги васал,
Гьунар кIоченаро, мун кIоченаро
Даимлъила дур бахIарчияб цIар.

Рагъул солдатазул сун унаро цIа,
ЦIар-цIар ккун киналго рехсезе аниц.
Кьо кедал, яхI рехун течIел бахIарзал,
Эмен, дудаса дун чIухIарав вугин.

Бузнаса нухги ккун, гIедегIун вуго
Лъималазухъе гIащикъав эмен,
Тушман гьурулев рагъда рос вукIун,
Рукъ цIунарай лъадухъ хIалаккун вуго.

ХутIараб дур гIумру, гIалимасул вас,
Лъималазда КъурIан малъулеб ана
ГьазимухIамадил берцинаб гIумру
Иманги щулияб налъи тIубараб.

Кьварилъи-захIмалъи бихьарал улбул,
Кинабго батаги шапагIаталъе.
ЗахIматаб заман, кьваридал кьоял
Кьиямасеб кьоялъ кирилъун хьваги.

ГьазимухIамадилгун Меседол рокьоб
КIудияб рохел -вас гьавурав кьо.
ГIумарасхIабилан цIар ахIулаго,
Иман щулиявлъун лъугьаян гьари.

Малъизе кколаро дир улкаялда,
Рокьов вас гьавуни, вижудасаго
БахIарчи вуго гьев магIарул росулъ.
БахIарчи бихьинчи- магIна цо буго.

БахIарчилъи рекIелъ гьечIев бихьинчи-
Бихьинчилъун гьанив гьев рикIкIунаро.
ВатIаналъул тIалаб тIаде босичIев
ХIалихьатин тола дир улкаялда.

**Сабигат МухIамадова,** Дагъистаналъул халкъияй поэтесса

# Бергьенлъиялъул Къо

ТIаде щолеб буго КIудияб Байрам,
Советияб халкъалъ дунялалда тIад,
РухI бичун, хIалги кьун, церехунги ун,
ЗахIматго бергьенлъи босараб Байрам.

ЧIухIа нуж, ракьцоял, умумуздаса,
Кьалда бер кьачIого улка цIунарал.
Жидерго рухIалда барахшичIого,
Рейхстагалъул тIохда байрахъ борхарал.

Чиго камичIеб рукъ букIинчIо, лъала,
Совет улкаялъул хьизамазда гьорлъ.
ВахIшияв хьамалчи хьамун унаго,
ГIодор тIурал бияз лъалъана ВатIан.

Вацал гIадин цадахъ рагьун хваразул,
ГIаммал хабал руго гIемерал хутIун.
ТIолабго Европа эркен гьабурал,
БахIарзазул цIараз цIун руго занал

Гьез нилъее тараб ЧIухIараб Улка,
ГIарац хирияца хвезабураб куц.
Нилъер умумуца чIинтIизарурал,
Фашистаца бутIрул рорхулеб мехалъ.

Кин, щиб бугониги баркула дица,
ТIаде щолеб бугеб КIудияб Байрам.
Щивав инсанасда гьаб ракьалда тIад,
Эркенлъи цIунараб Совет халкъалда.

ТIокIалъ дунялалда ккогеги рагъал,
Биялги гIодор тIун байрамал щвезе.
ГIакълу цебе гьабун, цин нахъе гьабун,
Ракълий ургъе абе кинабго гIалам.

**МухIамад Коратов,** ТIинди росу.

# Эбелалъул магIил гаразе гIоло

***Рагьда васал ругел магIарул улбузе сайгъат гьабула***

Чохьол эбел, лъала дур рекIел ургъел,
Васал цере рачIун, дуй гьечIеб хIалхьи.
РагIула дида дур каранзул тIвапи,
ТIанчIазухъ ракI унтун угьулеб хIухьел.



**(суратталда: вас нуха регIулей эбел)**

Эбел, дур бадисан бецIцIараб магIу
Чан хиял гьабулеб гьаб цIадулъ дица.
Херлъун сородулеб сурат цебе чIун,
КигIан ургъел кколеб ургьиб ракIалъе.
Эбел, дур бадисан бецIцIараб магIу
Рагъул байдабазда бихьула дида.
Гьел магIил гараца «кьисас босе!»- ян
Бугеб рухIалдалъун ахIула диде.
Эбел, дихье халкъалъ ярагъ кьун буго,
Гьанже бихьилин дур бихьинчилъиян,
Чохьол эбелалъе, инсул ракьалъе
Мун рекъарав васлъун вукIун вугищан.
Огь, дир халкъ, дир эбел, инсулаб ВатIан,
Дир нусабго лага гьедула нужей:
Инсанлъи, намус-яхI цIунизе гIоло
Бищунго гIагараб гIумру бичизе.
Лъай, эбел, кидаго кив вугониги
Ккараб кьо дур васас борхизе букIин,
Дур хьахIаб расалъул, хIасратав инсул
ХIурмат-намус дица цIунизе букIин.

* * *

Эбел, хIакъаб хабар, рагъ халалъила,
Чанги лъикIал васал гуллий сукIила.
Киналго рокьоре нахъ руссинаро,
Чангиясул эбел бесдал хутIила.
ГIемерал рагъила, захIмат бихьила,
Биял гIодор тIела, гIазаб гьикъила.
Рагъда щибго ккола, чангияв хола,
Чангияс хвел гьечIеб гьунар гьабила.
Амма кида-къадги цо кьо бачIина,
Гьаб чIегIераб тIупан тIаса босараб;
Нилъер бахIарчиял полказда цеве
Гьав нагIана батад накалда чIараб.
ТIохил рагIалда чIун дун вачIунищан,
Надалда кверги чIван, балагьила мун.
Росдал сухьмахъ нухалъ дун ваккаравго,
Екерун тIад хурхун кьочарила мун.
Эбел, амма лъала гьеб кьо щвелелде,
Чанги хIарщ нилъеца мерхьине букIин.
Гулбузул цIадакьан, бидул гIурулъан,
ГIемераб кьо бихьун, кьеркьезе рукIин.
Эбел, гьастIа рукIун чIчIел босиларо,
ЧIвадари букIина ракIал гьанцIулеб.
ГIадада бергьенлъи нилъей кьеларо,
Кьвагьи букIина дуй дунял соролеб.
Хвалчадул балада би гIодаразе
ГIумруялъул рохел бельизе буго.
ТункIил кIалалдасан кIкIуй бурарзда
КIудияб талихIалъ кьвал базе буго.
Эбел, жеги дида хвел данде чIвачIо,
Амма гьелъие дир ххвел букIинаро.
Хирияб ракьалда урхьун кьвалги бан,
КъваригIани гIумру «майилан» кьела.
Эбел, кьо бачIина, гьал кьоселазе
КьогIаб диван кьотIун, кьисас босараб.
Ракълил кьотIиги хьван, рагъул гьалбацIал
Рижараб росулъе нахъе руссараб.
Гьеб мехалъ росулъе дун вуссинчIони,
Гьелъул магIна ккола дун дуе ками;
Керен кьун бокьулеб ВатIанги цIунун,
ЦIа бакараб рагъда дица рухI бичи.
Эбел, мун гIодуге дир гIумруялъухъ, -
ГIадада бусада гурельул хварав, -
Халкъ эркен гьабизе хвалчен борхарал
БахIарзазда цадахълъидал кьижарав.

1943
https://daghistan.ru/03/tcadasa/rasul/1tom.pdf

## Туристазда Бергьенлъиялъул Къо баркана



КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 79 сон тIубаялъул хIурматалда ЦIумада-ГIурухъан эхеде бугеб «ЦIцдул бусен» абураб бакIалдаса байбихьун ГIандигIорккун бехе спортивиял лодкаби ричхай (рафтинг) байбихьана Новосибирскалдаса ва Абаканалдаса туристаз.



Гьелгун дандчIварав райадминистрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас гьалбадерида баркана тIаде щолеб Бергьенлъиялъул Къо-9 май ва сайгъат гьабуна гьезие Расул ХIамзатовасул асаразул тIехь.

**МухIамад МухIамадов**

## Военный покурор разъясняет

В связи с проведением с 01.04.2024 весеннего призыва граждан на военную службу, с целью оказания правовой помощи в вопросах соблюдения прав граждан при призыве на военную службу, 315 военной прокуратурой гарнизона созданы консультативно - правовые центры, находящиеся по адресу:

- 368300, Республика Дагестан, г. Каспийск, ул. Пограничная, д. 1, тел/факс: 8(8722) 51-23-25;
- 368600, Республика Дагестан, г. Дербент, ул. З. Космодемьянской, д. 3;
- 368273, Республика Дагестан, Хунзахский район, с. Арани.

В указанные консультативно - правовые пункты можно обращаться за информацией в связи с деятельностью должностных лиц военного комиссариата, призывных комиссий и сборных пунктов, а также направлять письменные обращения почтой либо на электронный почтовый ящик по адресу: 315vpg@tail.ru о несогласии или обжаловании действий должностных лиц, связанных с нарушением прав граждан.

**Р. Османов,** заместитель военного прокурора гарнизона

**Эркенаб гугари**

## ЦIумадисел Россиялъул чемпионаталда

Гьал къояз Москва областалъул Одинцово шагьаралда



тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиадаялда цебесеб Россиялъул чемпионат. Болельщиказ занкIун цIураб «LIVE АРЕНА» спортивияб комплексалда улкаялъул лъикIалщинал гугарухъаби къеркьолел рукIана Парижалда тIобитIизесеб олимпиадаялъул путевкабазе гIоло.

ХIалуцараб дандчIваялда 57 кг. цIайиялда Россиялъул чемпионлъун вахъана нильер районцояв ГъоркьхъварщиниСа АхIмад Идрисов.

Гьединго чемпионлъун вахъана 79 кг. цIайиялда Кванхиса МухIамад МухIамаев.

ЛъикIаб гугари бихьизабуна ва г**Iарцулаб** медалазе мустахIикълъана 61 кг. цIайиялда Метрадаса Башир МухIамадов, 65 кг. цIайиялда ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадов ва 125 кг. цIайиялда КIванадиса Шамил Мусаев.

Гьаб чемпионаталда Шамилгун ГIабасхIажи рукIана кIудияб цIайиялда тIоцере цере рахъарал. Гьениб кIиязго бихьизабуна унго-унгояб, балагьарал разилъулеб гугари.

Чемпионаталъул призераллъун рахъана ва мазгарул медалазе мустахIикълъана РичIагьанихъа Камил ГIабдулвагьабов (74 кг.) ва Акнадаса АхIмад ГIусманов (86кг.).

Мазгарул медалалъе дагьабго битIккечIо 65кг. цIайиялда гугарулев вукIарав Агъвалиса МухIамад Тажудиновасе.

Кинабниги Дагъистаналъул гугарухъабаз босана кьоло ункъо медаль (анкьо меседил, микьго гIарцул ва ичIго мазгарул).

## Россиялъул первенствоялда лъабго медаль




Дагъаб цебе Грозныялда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб (U21) эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенство. Гьенир гIахьаллъана Россиялъул 45 регионалдаса 428 спортсмен. Кидаго гIадин, лъикIал хIасилал рихьизаруна гьениб нильер районалъул гугарухъабазги.

Гугариялъуль тIокIлъиги бихьизабун, 92 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибировас. Ункъабго дандчIвай лъугIизабуна гьес заман щвелалдего, дандиясе бал кьечIого.

КIиабилеб бакI щвана Эчедаса Халид МухIамадовасе (57кг.) ва Хъварщиса ТIалхIат ГIабдулкъадировасе (65 кг.).

Медалазул рахъалъ Дагъистаналъул команда ккана тIоцебесеб бакIалде (4;5;9).

**Ш. Бадрудинов**

**Лъазаби**

**11-12 маялда Агъвали тIобитIизе буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе торгIо хIаялъул турнир.**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 1480 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru